



## KOMINIKE

Ottawa, 12 me 2022

### Vil Niagara Falls ap rann Ayiti omaj nan okazyon 219<sup>e</sup> fèt drapo a

Anbasad Ayiti nan Kanada anonse piblik la an jeneral ak kominote ayisyèn la nan Kanada an patikilye, ane sa ankò, otorite nan vil Niagara Falls deside rann Ayiti omaj nan okazyon 219<sup>e</sup> fèt drapo a.

Nan dat 18 me 2022, drapo Ayiti ap monte nan vil Niagara Falls. Drapo a ap flote nan meri a pandan tout jounen an. Nan aswè, sòti 10 :00 pou rive 10 :15, piblik la ap gen okazyon vin admire chit dlo Niagara a ki ap limen ak koulè drapo Ayiti, ble ak wouj.

Anbasad Ayiti nan Kanada, envite tout moun swiv bèl espektak sa. Piblik la ka ale nan Pak Niagara a, kote yon gwoup Ayisyen nan zòn nan pral mete animasyon. Moun ki pa ka deplase kapab gade lakay yo, sou entènèt, nan lyen livecam Niagara Falls Illumination Board kreye pou sa :

[https://www.earthcam.com/canada/niagarafalls/?cam=niagarafalls\\_str](https://www.earthcam.com/canada/niagarafalls/?cam=niagarafalls_str)

Anbasad Ayiti nan Kanada, yon fwa ankò remèsye otorite vil Niagara Falls ki reponn demand yo, tankou ye te fè lane pase, pou deklare 18 me « Jounen Ayiti ».

Omaj sa, ane sa ankò, moutre kalite bèl ak bon rapò zanmitay ki genyen ant Kanada ak Ayiti.